



MATERI KHUTBAH JUMAT

NGUDI AMAL JARIYAH RIKALA GESANG

Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I



Dipunpepaki kaliyan pambikakan kaliyan doa penutup

[GRATIS] LANGGANAN MATERI KHUTBAH FORMAT PDF

Enggal-enggal hubungi WA admin dakwah.id

0895-8060-18090

www.dakwah.id

 @dakwahid

 @igdkwh

Ingin berlangganan materi khutbah Jumat
yang akan langsung dikirim
ke nomer WhatsApp?

Caranya mudah.

Sentuh nomor whatsapp berikut ini:

0895-8060-18090

Atau, bisa juga langsung chat WA ke nomor di atas.

NGUDI AMAL JARIYAH RIKALA GESANG

Pemateri: Abdul Halim Tri Hantoro S.Pd.I

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَجَعَلَ الظُّلُمَاتِ وَالنُّورَ ثُمَّ الَّذِينَ كَفَرُوا بِرَبِّهِمْ يَعْدِلُونَ.
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى
نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ. أَمَّا بَعْدُ
عِبَادَ اللَّهِ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ
الرَّجِيمِ

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا
كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِيعِ
اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا

فَإِنَّ أَصْدَقَ الْحَدِيثِ كِتَابُ اللَّهِ، وَخَيْرَ الْهَدْيِ هَدْيُ مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَشَرُّ الْأُمُورِ
مُحَدَّثَاتِهَا، وَكُلُّ مُحَدَّثَةٍ بِدْعَةٌ وَكُلُّ بِدْعَةٍ ضَلَالَةٌ، وَكُلُّ ضَلَالَةٍ فِي النَّارِ. أَمَّا بَعْدُ

Mangga kita sami tansah ngathah-ngathahi raos puji dalasan syukur dhumateng ngarsa dalem Allah *subhanahu wata'ala* kalawan samudayanipun nikmat, peparing lan anugerah ingkang sampun dipun paringaken dhumateng kita sedaya. Sae menika nikmat Iman sarta Islam punapa ugi nikmat kesehatan lan kesempatan.

Shalawat lan salam mugè tansah Allah *subhanahu wata'ala* curahaken dhumateng junjungan kita Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam*, mugè sumrambah dhumateng para kulawarga, shahabat, lan sadaya tiyang ingkang tansah mituhu ndherek dhawuhipun. Amin.

Mangga, kita sami tansah usaha ningkataken raos taqwa dhumateng Allah *subhanahu wata'ala* kanthi netepi perintah-perintahipun lan nebihi sedaya awisan-awisanipun.

Allah Ta'ala paring pangandikan,

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

“He para wong Mukmin kabeh, sira padha wedia ing Allah kalawan sajatiné wedi, lan sira aja padha mati, kajaba mati Islam.” (QS. Ali Imran: 102)

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Salah sawijining kesaenan wonten ing ndalem agami Islam inggih punika wonten amal shalih kang ganjarane tansah mili lan ora bakal pedhot sinadyan tiyang kang nindakake wus sedho. Menika ingkang kasebat *amal jariyah*. Menika perkawis ingkang ndadekake tiyang mukmin dados tiyang kang nggadahi kamulyan kang inggil lan gedhe.

Sakyektine amal jariyah niku kathah renone, mboten dibatesi amal-amal kang sampun kita ngertosi sing cacahé tiga menika. Kados ingkang dipun sebataken wonten ing hadits riwayat Imam muslim saking sahabat Abu Hurairah *radhiyallahu 'anhu*, bilih kanjeng Nabi Muhammad *shallallahu 'alaihi wasallam* dhawuh,

إِذَا مَاتَ الْإِنْسَانُ انْقَطَعَ عَنْهُ عَمَلُهُ إِلَّا مِنْ ثَلَاثَةٍ: إِلَّا مِنْ صَدَقَةٍ جَارِيَةٍ، أَوْ عِلْمٍ يُنْتَفَعُ بِهِ، أَوْ وَلَدٍ صَالِحٍ يَدْعُو لَهُ

“Bakal pedhot kabeh perkara amal manungsa nalika wus teko patine kejaba telu; sedekah jariah, ilmu kang manfaat (diamalake) utawa anak shalih sing tansah ndongakake wong tuwane.” (HR. Muslim No. 1631)

Pramila wonten ing mriki, khotib sampekaken seperangan amal kang klebet ing istilahipun amal jariah:

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Amal Jariah Nomer Setunggal: Sedekah Jariah

Maksud sedekah jariah inggih punika wakaf kesaenan. Sak lamine wakaf menika taksih dimanfaatake tiyang, ganjarane tansah mili dhateng tiyang ingkang wakaf menika.

Amal jenis menika renone kathah sanget, antawisipun nyetak mushaf al-Quran banjur dipun bagekaken kanthi gratis, semanten ugi kitab-kitab hadits, lan kitab-kitab agami kang manfaat.

Mbangun masjid kanthi niat padhos ridhanipun Allah Ta’ala. Numbasaken kendaraan kangge sarana dakwah khususipun wonten daerah-daerah pelosok. Kalebet amal jariah inggih punika renovasi margi-margi kang sampun risak.

Saking Sahabat Abu Hurairah *radhiyallahu ‘anhu*, Rasulullah *shallallahu ‘alaihi wasallam* paring dhawuh,

إِنَّ مِمَّا يَلْحَقُ الْمُؤْمِنَ مِنْ عَمَلِهِ وَحَسَنَاتِهِ بَعْدَ مَوْتِهِ عِلْمًا عَالَمُهُ وَنَشْرُهُ، وَوَلَدًا صَالِحًا تَرَكَهُ، وَمُضْحَفًا وَرَثَتَهُ، أَوْ مَسْجِدًا بَنَاهُ، أَوْ بَيْتًا لِابْنِ السَّبِيلِ بَنَاهُ، أَوْ نَهْرًا أَجْرَاهُ، أَوْ صَدَقَةً أَخْرَجَهَا مِنْ مَالِهِ فِي صِحَّتِهِ وَحَيَاتِهِ، يَلْحَقُهُ مِنْ بَعْدِ مَوْتِهِ

“Saktemene amalan lan kesaenan tiyang iman sing bakal tekan marang

piyambake sak barsedone yaiku ilmu kang diajarake, anak shalih sing ditinggalke lan mushaf al-quran kang diwarisake. Utawa masjid kang dibangun, omah kanggone ibnu sabil kang dibangun utawa banyu kang dialirake utawa sedekah kang didermakake rikala gesange.” (HR. Ibnu Majah No: 242)

Amal Jariyah Nomer Kalih: Ilmu kang Manfaat

Ilmu ingkang saget manfaat inggih punika ilmu kang dimanfaatkan tiyang sanes kerana pentingipun ilmu menika wau. Sing dimaksud inggih punika ilmu syar’i utawi ilmu akhirat. Ilmu babagan halal lan haram, ilmu babagan ibadah, akidah, lan sanesipun.

Pertanyaanipun menawi ilmu menika naming jenise ilmu duniawi dos pundi, punapa saget manfaati? Syekh Muhammad bin Shalih al-Utsaimin njelasaken bilih ilmu menika sifate umum, nopo mawon ilmu kang manfaat lan saget diamalaken tiyang sanes. Ananging tetep kang paling utama nggih punika ilmu syar’i.

Amal Jariyah Nomer Tiga: Anak kang shalih

Para alim ulama njelasaken kang diarani anak shalih nggih menika anak mukmin. Anak kang saestu iman dhumateng Allah, Rasul lan sedaya rukun iman sarta syariat-syariat agami.

Sahingga penjelasana wonten ing hadits babagan amal jariyah anak shalih ingkang ndongakke tiyang sepuh menika umum. Maknanipun sak lamine anak menika shalih, ndongakne punapa mboten tetep tiyang sepuh pikantuk ganjaranipun.

Amal Jariyah Nomer Sekawan: Nandur wit kang Ana Buahe

Perkawis menika jumbuh kaliyan hadits Nabi *shallallahu ‘alaihi wasallam*,

مَا مِنْ مُسْلِمٍ يَغْرِسُ غَرْسًا أَوْ يَزْرَعُ زَرْعًا، فَيَأْكُلُ مِنْهُ طَيْرٌ، أَوْ إِنْسَانٌ، أَوْ بَيْمَةٌ، إِلَّا كَانَ لَهُ بِهِ

“Ora ana tiyang Islam kang nandur bibit utawi tanduran ing bumi, sakbanjur ana manuk utawa manungsa utawa kewan mangan saka menika kajaba bakal dadi sedekah kanggo dhewe’e.” (HR. Al-Bukhari No: 2320)

Amal Jariyah Nomer Gangsal: Dakwah Islam

Dakwah dhumateng Allah *subhanahu wata’ala* menika kagolong amal jariyah, kados dene hadits Abu Hurairah *radhiyallahu ‘anhu*,

مَنْ دَعَا إِلَى هُدًى كَانَ لَهُ مِنَ الْأَجْرِ مِثْلُ أُجُورٍ مَنْ تَبِعَهُ، لَا يَنْقُصُ ذَلِكَ مِنْ أُجُورِهِمْ شَيْئًا، وَمَنْ دَعَا إِلَى ضَلَالَةٍ كَانَ عَلَيْهِ مِنَ الْإِثْمِ مِثْلُ آثَامٍ مَنْ تَبِعَهُ، لَا يَنْقُصُ ذَلِكَ مِنْ آثَامِهِمْ شَيْئًا

“Sapa wonge kang ngajak marang hidayah, bakal pikantuk ganjaran kaya dene ganjarane tiyang sing ngamalake. Ora bakal dikurangi sepiro wae saka ganjarane. Lan sopo wae kang ngajak marang kesesatan bakal pikantuk dosa kaya dene dosane wong kang ngamalake. Ora bakal dikurangi sepiro wae saka dosane.” (HR. Muslim No. 2674)

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Mekaten materi khutbah Jumat ingkang saget kawula aturaken, mugi saget dados pitutur kang manfaat lan nasehat kang minulya kagem khatib pribadi lan jamaah samudayanipun.

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH KEDUA

أَحْمَدُ رَبِّي وَأَشْكُرُهُ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ نَبِيَّنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ
وَرَسُولُهُ

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ
عِبَادَ اللَّهِ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ
الرَّجِيمِ

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَخْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ
مُجِيبُ الدَّعْوَةِ

اللَّهُمَّ أَلْفَ بَيْنَ قُلُوبِنَا، وَأَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِنَا، وَاهْدِنَا سُبُلَ السَّلَامِ، وَجَنِّنا مِنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ،
وَجَنِّبْنَا الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ، وَبَارِكْ لَنَا فِي أَسْمَاعِنَا، وَأَبْصَارِنَا، وَقُلُوبِنَا، وَأَزْوَاجِنَا،
وَذُرِّيَّاتِنَا، وَتُبْ عَلَيْنَا إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ، وَاجْعَلْنَا شَاكِرِينَ لِنِعْمِكَ مُشْنِينَ بِهَا عَلَيْكَ، قَابِلِينَ
لَهَا، وَأَتِمِّمَهَا عَلَيْنَا

رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا

اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ الْهُدَى، وَالتَّقَى، وَالْعَفَافَ، وَالْغِنَى

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ

وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ

وَآخِرُ دَعْوَانَا أَنْ الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ